

Enfòmasyon sou garanti jiridik yo pou imigran ki viktim vyolans familyal Etazini ak pou yo ka jwenn visa imigrasyon pa maryaj

Objektif:

Moun ki imigre Etazini yo vilnerab patikilyèman paske souvan yo pa pale angle, yo separe ak fanmi yo ak zanmi yo, epi yo konn pa vle rapòte ka vyolans domestik bay lapolis oswa chache lòt fòm èd. Jan de krent konsa konn lakòz yo rete nan yon relasyon ki abizif.

Feyè sa a eksplike w kisa vyolans familyal la ye epi enfòme w sou garantijiridik ke ou genyen Etazini. Lwa sou Règleman Koutye Maryaj Entènatyonnal la (ki rele an angle: "The International Marriage Broker Regulation Act", oswa IMBRA) egzije gouvenman ameriken pou bay fiyanse ak epou kap imigre Etazini yo enfòmasyon sou dwa legal yo ak sou istwa kriminèl ak vyolans domestik sitwayen ameriken ki se fiyanse a oswa konjwen an. Youn nan objektif IMBRA se pou l bay enfòmation egzat sou prosedi imigrasyon ak tout moun ki imigre Etazini antan ke fiyanse oswa konjwen epi di yo kòman pou yo ka jwenn èd si relasyon an vin abizif.

Kisa vyolans domestik ye?

Vyolans domestic se yo fòm de konpòtman lè youn nan patnè entim yo oswa konjwen an menase obyen abize l de lòt patnè a. Abi ka vle di blese fizikman, fose gen relasyon seksyèl, manipilasyon emosyonèl (ki ka gen ladann izolasyon oubyen entimidasyon), menas ekonomik ak/oubyen menas ki gen pou wè ak imigrasyon. Se vre ke la lipa nan ka ensidan vyolans familyal ke yo deklare yo se gason k ap maltrete

fanm ak timoun, gen ka tou se mesye yo ki viktim de sitiyasyon sa a tou.

Vyolans familyal se tankou nan ka agresyon seksyèl, maltretans timoun ak lòt vyolans kriminèl. Ekspresyon "agresyon seksyèl" vle di tout sòt aktivite seksyèl ki fèt sou ou san w pa dakò, menm avèk pwòp konjwen ou, nenpòt ki moun ka rive komèt sa. Malatretans timoun se: move tretman fizik, (tout jan kò yon moun ki pa aksidantèl, tankou twòp pinisyon), negligans fizik (pa bay manje, kote pou rete, laswenyay ak sipèvizon medical), vyolans seksyèl ak maltretans a fektif (menas, pa bay a feksyon, èd ak konsèy).

Nan nenpòt ki ka, vyolans familyal, agresyon seksyèl, ak maltrete timoun ilegal Etazini. Tout moun ki Etazini (Kelkeswa ras li, koulè li, relijon li, sèks li, orijin etnik li, oubyen estati imigrasyon li) benfisyé pwoteksyon lwa ki kont move tretman an. Tout moun ki viktim vyolans familyal – kelkeswa estati imigrasyon li oswa nasyonalite li – ka mande èd. Yon moun ki se imigran Etazini ki ta viktim de vyolans familyal ka gen dwa ak kék pwoteksyon imigrasyon.

Si ou viktim de vyolans familyalnan fwaye ou, ou pa dwe santi w sèl. Feyè sa a fèt pou ede w konprann dwa ameriken ak pou gide w sou kòman pou w jwenn èd si w bezwen.

Ki dwa moun ki viktim vyolans domestik genyen Etazini?

Tout moun Etazini, kèleswa estati imigrasyon yo oswa sitwayènte yo, gen garanti pou yo jwenn proteksyon de baz anba ni la lwa sivil ak la lwa kriminèl. Lwa li gouvène fanmi yo bay :

- Dwa pou jwenn yon lòd pou ou jwenn proteksyon pou ou menm ak pou pititi ou.
- Dwa pou ou jwenn separasyon oswa divòs legal san konsantman konjwen ou.
- Dwa pou ou separe kék byen marital. Nan ka divòs, tribinal la ap divize nenpòt byen

oswa nenpòt aktif ke ou menm ak konjwen ou genyen.

- Dwa pou ou mande ebèjeman pou timoun ou yo ak sipò finansye. Yo konn souvan mande granmoun timoun ki gen pi piti pase 21 lane pou peye asistans pou timoun ki pap viv ak yo.

Konsilte yo avoka pou fanmi ki travay ak imigran pou ou diskite kòman nenpòt nan opsyon lwa sa yo ka a fekte ou oubyen asiste ou.

Anba la lwa Etazini nenpòt viktim krim, kelkeswa estati imigrasyon oswa sitwayènte, ka rele la lapolis pou ede oubyen jwenn you lòd pou proteksyon.

Rele lapolis nan 911 si ou menm oswa pitit ou a (yo) an danje. Lapolis ka arete fiyanse ou a, konjwen ou an, patnè ou a, oubyen yon lòt moun si yo kwè ke moun sa te komèt yon krim. Ou dwe di lapolis ki abi ke ou sibi, menm lè se te nan pase, epi montre nenpòt blesi. Nenpòt moun kelkeswa estati imigrasyon oswa sitwayènte, ka fè rapò yon krim.

Menm jan an, si ou se yon viktim vyolans domestik ou ka aplike nan yon tribal pou ou ka jwen yon lòd pou proteksyon. Yon lòd pou proteksyon ke tribal bay oswa yon lòd pou avètisman ka entèdi moun k ap fè w abi a rele w, kontakte w, apwoche w, ou byen fè w mal, fè timoun ou an (yo) mal, oubyen lòt manm fanmi w. Si moun k ap fè w abi a ta vyole lòd pou pwoteksyon an, ou ka kontakte lapolis, ki ka arete moun k ap fè abi a. Ou ka jwenn aplikasyon pou ou ka jwenn lòd pou pwoteksyon nan preske tout tribal yo, komisarya yo, abri pou fanm yo, ak biwo pou sèvis legal yo.

Si moun k ap fè w abi a akize w de yon krim, ou gen dwa de baz, kelkeswa estati imigrasyon oswa sitwayènte, tankou : dwa pou ou pale ak yon avoka, dwa pou ou pa reponn kesyon san avoka ou pa la ; dwa pou ou pale pou ou defann tèt ou. Li empòtan pou ou pale ak ni yon avoka pou zafè imigrasyon ak yon avoka pou zafè kriminèl.

Ki sèvis ki disponib pou moun ki viktim vyolans domestik yo ak agresyon seksyèl Etazini?

Ozeta zini, moun ki viktim de krim, kelkeswa estati imigrasyon oswa sitwayènte, ka jwenn èd ke gouvènman an oswa ajan nongouvènemantal bay, ki gen ladan yo tankou konsèy, entèprèt, kote pou rete an ijans, ak menm asistans lajan.

Nimero telefòn nasyonal yo oswa "nimero telefòn dirèk yo" kinan lis anba a gen operatè ki fòme pou ede viktim yo 24trè sou 24 san yo p ap bezwen peye pou sa. Gen entèprèt ki disponib epi nimewo sa yo ka konekte w ak lòt sèvis gratis pou viktim nan zòn kote w ye a, tankou kote pou ou rete an ijans, swen medikal, konsèy, ak konsèy legal. Si ou pa ka peye yon avoka, ou ka kalifye pou yon pwogram legal gratis ou byen ki pa chè pou ede moun ki viktim krim imigran oswa vyolans domestic.

Liy Dirèk Nasyonal pou Kesyon Vyolans Domestik
1-800-799-SAFE (1-800-799-7233)
1-800-787-3224 (TTY)
www.ndvh.org

Liy Dirèk Nasyonal pou Agresyon Seksyèl pou
Kesyon Vyòl, Rezo Nasyonal Abiak Ensès (RAINN)
1-800-656-HOPE (1-800-656-4673)
www.rainn.org

Sant Nasyonal pou Timoun ki Pèdi oswa Ekplwate
1-800-THE-LOST (1-800-843-5678)
www.missingkids.com

Sant Nasyonal pou Viktim Krim
1-800-FYI-CALL (1-800-394-2255)
1-800-211-7996 (TTY)
www.ncvc.org

NÒT: Òganizasyon sa yo gen pou misyon prensipal sekirite ak pwoteksyon.

Si mwen se yon viktim vyolans komestik, agresyon seksyèl, oubyen lòt krim, ki opsyon ke imigrasyon gen ki disponib pou mwen?

Gen twa fason imigran ki viktim vyolans domestik,

agresyon seksyèl, ak kèk lòt krim espesifik ki ka aplike pou estati imigrasyon pou tèt pa yo ak pou timoun nan (yo) tou. Yon aplikasyon konsa konfidansyèl epi pèsonèl, tankou moun ki fè abia, moun ki komèt krim nan, oubyen manm fanmi, p ap konnen ke ou te aplike.

- Petisyon pou tèt ou pou estati legal anba Lwa Kont Vyolans sou Fanm (VAWA)
- Anilasyon pou retire anba VAWA
- I-estati moun ki pa imigran (moun ki viktim krim)

Benefis imigrasyon sa yo chak gen egzijans epesifik ki dwe etabli. Konsilte avoka imigrasyon ki travay ak moun ki viktim vyolans domestic pou diskite kòman nenpòt nan benefis sa yo ka afekte ou obyen aiste ou.

Kòman pwosesis pou maryaj ki fèt sou baz imigrasyon an mache?

Pwosesis pou maryaj ki fèt sou baz imigrasyon an gen plizyè etap pou jwenn estati imigrasyon legal Etazini, ak pandan yon tan, pou ou ka elejib pou sitwayènte. Etap sa yo depann de sou ki tip de viza ki baze sou maryaj ou te vwayaje pou ou ale Etazini, ak lòt faktè tou. Enfòmasyon apre yo se yo yon apèsi sou tip de viza sa yo, ak enfòmasyon son dwa legal yo tou.

Estat K-1 nonimigran (antanke fiyanse yon sitwayen ameriken): Ou dwe swa marye ak sitwayen ameriken an nan yon espas de 90 jou ke ou antre oubyen kite Etazini. Apre maryaj ou ak sitwayen ameriken an ki aplike pou ou, ou dwe soumèt yon Aplikasyon pou Enskri pou Rezidans Pèmanan oswa Ajiste Estati (Fòm I-485). Si fòm I-485 ou an aprouve, estati ou a pral ajiste soti nan yon K nonimigran pou sa ki se yon residan pèmanan kondisyonèl. W ap gen estati kondisyonèl sa a pou de lane.

Si ou rete Etazini san ou pa marye ak sitwayen Ameriken an ki te esponnsorize viza K-1 ou a, oswa marye ak yon lòt moun, w ap vyole tèm pou viza ou a, ou p ap gen okenn estati legal, epi ou ekspoze tèt

ou nan yon pwosesis pou yo depòte w oubyen lòt sanksyon.

Nou konseye tout lòt moun ki gen estati imigran pou maryaj al gade enfòmasyon ke konsila Etazini an te bay yo a. Pou plis enfòmasyon, yo ka ale konsilte tou sit <http://www.uscis.gov>.

Estat K-3 nonimigran (Antanke konjwen yon moun ki gen nasyonalite amerikèn): Ou gen otorizasyon pou w rantre Etazini tanporèman annatandan ke demand ou a pou rezon fanmi ka aprouve (I-130). Depi demand sa a aprouve, w ap gen dwa jwenn legalman rezidans pèmanan ou (kat vèt) epi ou dwe fè yon Demand pou fè anrejistre rezidans pèmanan ou oubyen fè ajiste estati ou (« Aplikasyon pou Anrejistre Rezidans Pèmanan oswa Ajiste Estati ») (Fòmilè I-485)

Ki sanksyon ki genyen nan ka fwod nan maryaj?

Imigran ki komèt fwod nan maryaj tonbe nan yon prosedi de ranvwa epi yo ap tou p ap jwenn dwa pou yo antre Etazini ankò. Nan ka kondanasyon pou fwod nan maryaj, moun ki koupab la riske pran yon pèn anprizonman ki rive jiska senk (5) lane epi peye amand ki ale jiska 250.000 dola (lajan ameriken).

Si mwen marye ak yon moun ki gen nasyonalite ameriken ki depose dosye imigrasyon nan non mwen, ki estati imigrasyon mwen?

Si nou marye pou pi pitit de lane lè fòmilè I-485 la te aprouve a, USCIS ap bay ou yon estati rezidan pwovizwa. Katrevendis (90) anvan dezyèm anivèsè rezidans pwovizwa ou a, ou menm ak konjwen ou dwe nòmalman fè yon demand ansanm pou ka elimine kondisyon rezidans legal ou a. Pou ou ka fè sa, ou dwe prouve ke maryaj ou a « de bòn fwa » epi valid. Depi kondisyon yo anile, w ap benefisye yon rezidans pèmanan kip ap depann de konjwen ameriken ou a.

Si ou marye depi plis pase de lane lè fòmilè I-485 la te aprouve a, USCIS ap bay ou yon estati rezidan pèmanan. Soti dat sa a ou pap depann de konjwen ameriken ou a pou estati imigran ou a.

Gen twa sitiayson kote lalwa otorize rezidan pwovizwa yo mande yon derogasyon, tandiske li nòmalman obligatwa ke de konjwen yo prezante ansanm yon demand pou anile kondisyon estati a. 1) Ranvwa rezidan pwovizwa a soti de Etazini ka gen konsekans ki grav anpil; Oubyen 2) Maryaj la te fini legalman, men se pou yon lòt rezon ke lanmò, e imigran an pa te komèt fot pou li pa te fè demand pou anile kondisyon estati li an atan ; Oubyen 3) pandan maryaj la, rezidan pwovizwa a te viktим de kou ak blesi oubyen malfezans ekstrèm de konjwen an ki gen nasyonalite amerikèn nan oubyen residans pèmanan legal Etazini an. Pou mande youn nan twa bagay derogasyon sa yo, ou dwe ranpli fòmilè I-751 ak prouve ke maryaj la te de « bòn fwa » epi li pa te gen fwod.

Ki lòt mwayen ke otorite ameriken yo itilize pou eseye enfòme dwa ke fiyanse ak konjwen etranje yo genyen ak pwoteje yo menm, ak pitit yo, kont tout move trètman ?

Etazini te adopte nan lane 2005 Lwa reglementasyon de entèmedyè maryaj (an angle se : « International Marriage Broker Regulation Act », oubyen « IMBRA ») ki te chanje pwosedi imigrasyon nan objektif pou te ede fiyanse yo ak konjwen yo ki gen nasyonalite etranjè. Dapre lwa sa a, otorite ameriken yo dwe bay fiyanse yo ak konjwen etranje yo ki imigre Etazini enfòmasyon ak mwayen pou defann tèt yo pou ride yo pwoteje tèt yok on vyolans ke patnè ki parennen viza yo a. Fiyanse yo ak konjwen ki nan pwosesis imigrasyon manke souvan konesans sou dwa ameriken ak ni soutyen fanmi yo ak zanmi yo pou chape anba vyolans nan fwaye yo.

Otorite ameriken yo te gen tou responsabilite pou ke IMBRA te bay yo pou yo fè ekri ak distribye feyè sa a, pou ka enfòme sou lejislasyon ak sèvis ki ka ride ou Etazini si ou viktим move tretman. Lwa sa entèdi sitwayen ameriken pou parennen plizyè viza fiyanse pou moun ki gen nasyonalite etranjè si li genyen antesadan vyolans kriminèl. Anplis, otorite ameriken yo dwe remèt fiyanse yo ak konjwen etranje moun ki gen nasyonalite amerikèn yon kopi pou verifikasiyon,

ke USCIS te fè, kazyé jidisyè de ameriken k ap parennen demand viza a, ansanm ak yon kopi demand parenaj viza a.

Pa ki mwayen ke otorite ameriken yo reglemente ajans koutye matrimonial entènasyonal yo?

Si yon ajans kalifye kòm ajans koutye matrimonial entènasyonal, li dwe ba ou enfòmasyon sou pase kliyan ameriken ki ta renmen kontakte w la, ansanm ak enfòmasyon ki enskri nan rejis ofisyèl delenkan seksyèl, nan nivo federal ak soti nan chak eta, ak jwenn pèmisyon ou pa ekri anvan li bay kliyan sa kowòdone ou. Li dwe kapab tou ba ou yon kopi feyè sa a, men li pa gen dwa rantre nan relasyon ak moun ki gen mwens ke 18 lane.

Eske m ka kwè nan enfòmasyon ki sou antesadan kriminèl fiyanse m nan oswa konjwen m nan ki gen nasyonalite amerikèn?

Enfòmasyon ki sou antesadan kriminèl ke ajan la pran soti nan sous ofisyèl, ak ransèyman ke kliyan ameriken yo menm bay sou demand imigrasyon. USCIS pa gen aksè ak tout baz enfòmasyon dosye jidisyè ki Etazini. Sitwayen ameriken ki ap parene demand lan ka kache laverite lè l ap rampli dosye a. Li ka gen anteseda konpòtman vyolan san ke yo pa te janm arete li ni kondane li. Se pout tèt sa enfòmasyon ke yo komine w nan domèm sa a ka pa konplè. Lalwa IMBRA a gen pou objektif pou bay fiyanse ak konjwen yo a enfòmasyon ak resous disponib pandan pwosesis imigrasyon an, men nan tout sa, se ou menm k ap deside si ou santi w pa an sekirite nan relasyon sa a.

Eske fiyanse oswa konjwen ki gen nasyonalite etranjè yo ki viktим vyolans familyal ka viktим biznis vann moun

Lòt fòm eksplwatasyon tankou biznis vann moun ka pafwa akonpagne vyolans familyal, si ekplwatasyon an gen, pa mwayen kontrent oswa yo fòse moun nan, yon travay, sèvis, oswa zak seksyèl komèsyal. Ou ka jwen èd sou zafè biznis vann moun nan adrèsa yo ki ekri pi ba a:

National Human Trafficking Resource Center (Sant Resous Nasyonal Trafik Moun)
1-888-373-7888
(24trè soou 24, 7 jou sou sèt)
<http://www.acf.hhs.gov/trafficking/>

Human Trafficking and Worker Exploitation Task Force Hotline, U.S. Department of Justice (Trafik Moun ak Travayè Eksplwatasyon Fòs Entèvansyon Lin Dirèk)
1-888-428-7581
(Lendi pou rive vandredi, 9vè pou rive 7tè)
<http://www.usdoj.gov/crt/crim/tpwef.php>

Pou tout ransèyman anplis, ale sou sit entènèt sa a oswa rele gratis nan numero ki ekri anba la.
USCIS General Information (USCI Enfòmasyon Jeneral)

Eta zini, telephone gratis :
1-800-870-3676 or
Ale sou adrès entènèt sa :
<http://www.uscis.gov>

